**दिन—सोमवार** **दिनांक—31.08.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

बिहार आ झारखंडक मध्य सोन नदीक पानिक बँटवारा सँ जुड़ल विवादकेँ सोझरेबाक लेल आइ नव दिल्लीमे एकटा समझौता ज्ञापन पर हस्ताक्षर कएल गेल। केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाहक अध्यक्षतामे भेल बैसारक दरमियान एहि मुद्दा पर सहमति बनल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ झारखंडक मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन केर उपस्थितिमे समझौता पत्र पर हस्ताक्षर कएल गेल। एहि दरमियान दुनू प्रदेशक वरिष्ठ अधिकारी लोकनिक संग केन्द्रीय जलशक्ति मंत्री सी. आर पाटिल सेहो उपस्थित छलाह।

———————————————

बिहार लोक सेवा आयोग चारिम चरणक शिक्षक भर्ती परीक्षाक लेल काल्हि सँ शुरू होयवला आवेदनक प्रक्रिया कैँ फिलहाल स्थगित कऽ देलक अछि। आयोग अधिसूचना जारी कऽ कहलक जे प्रक्रियात्मक बदलावक कारण आवेदन भरबाक तिथि स्थगित कयल गेल अछि। आवेदनक नव तिथिक घोषणा शीघ्रहि कयल जायत। ध्यातव्य अछि जे आयोग बत्तीस हजार तीन सय अट्ठासी पद पर भर्ती लेल विज्ञापन जारी कयने छल।

———————————————

राज्यमे शिक्षक लोकनिक स्थानांतरण केर प्रक्रियामे तेजी आबि गेल अछि। ऑनलाइन प्राप्त आवेदनसभक सत्यापनक काज आइ सँ शुरू कऽ देल गेल अछि। बहत्तर हजार आठ सय सँ बेसी शिक्षक लोकनि स्थानांतरण केर विकल्प देलनि अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार पदस्थापन, सेवा आ वरीयताक आधार पर अंक देल जायत आ एहि आधार पर स्कूल आवंटन केर प्रक्रिया कएल जायत। ध्यातव्य अछि जे शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी पछिला दिन पत्रकारसभ सँ गपशप करैत स्पष्ट कयने छलाह जे एकतीस अगस्त सँ शिक्षक लोकनिक तबादलाक प्रक्रिया कएल जायत। ओतहि, पाँच सितंबर शिक्षक दिवस केर अवसर पर शिक्षक समाधान पोर्टल केर शुरुआत कएल जायत।

———————————————

कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा आइ पटनामे विभागीय अधिकारी लोकनिक संग बैसार मे राज्यमे उर्वरक सभक उपलब्धताक समीक्षा कएलनि। ओ अधिकारी लोकनिकेँ विभिन्न जिलासभमे किसान लोकनिकेँ खाद सुगमता सँ उपलब्ध करेबाक निर्देश देलनि।

———————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय देशभरिक पेट्रोल पंपसभ पर पेट्रोलमे मौजूद एथनॉल केर सटीक मात्रा अनिवार्य रूप सँ जनेबाक लेल दायर जनहित याचिका पर सुनवाई सँ इनकार कऽ देलक अछि। याचिकामे केन्द्र सरकार आ आन संबंधित पक्षसभकेँ इथेनॉल मिश्रित ईंधनक गाड़ीसभमे इस्तेमालक अनुकूलताक बारेमे बेसी पारदर्शिताक निर्देश देबाक मांग कएल गेल छल। न्यायमूर्ति एम.एम सुंदरेश आ न्यायमूर्ति प्रसन्ना बी वराले केर पीठ अपन आदेशमे इहो कहलनि जे याचिकाकर्ता अपन शिकायत संबंधित उच्च न्यायालयमे दर्ज करा सकैत छथि।

———————————————————————

नेपालमे आयल भीषण बाढ़िक त्रासदीमे मरयवला लोकसभक संख्या बढ़ि कऽ नओ सय तीन भऽ गेल अछि। चारि हजार दू सय सैंतालीस सँ बेसी लोक एखनहुं लापता छथि। सभ आठ प्रभावित जिलामे राहत आ बचाव अभियान तेजी सँ चलि रहल अछि। भारतीय बचाव दल, चिलिमे आ लांगटांग मे पनबिजली संयंत्रसभ पर नेपालक सेनाक संग मिलि कऽ काज कऽ रहल अछि। नेपाली सेनाक प्रवक्ता, राजा राम बसनेट जनौलनि जे अत्यधिक मलबाक कारण सुरंगसभ धरि पहुँचब मोस्किल भऽ रहल अछि। नेपालक प्रधानमंत्री, बालेंद्र शाह एहि बाढ़िकेँ विनाशकारी  प्राकृतिक आपदा जनौलनि अछि। लगभग 21 हजार सुरक्षाकर्मी राहत आ बचाव काजमे जुटल छथि।

———————————————————————

नेपालमे बाढ़िक कारण राज्यमे गंडक, कोसी आ बागमती समेत विभिन्न नदीसभक जलस्तरमे वृद्धि दर्ज कएल गेल अछि। गंडक नदीक बहावकेँ नियंत्रित करबाक लेल वाल्मीकीनगर बैराजक सभ 36 गेट खोलि देल गेल अछि। एम्हर, वीरपुर स्थित कोसी बैराजक 20 टा गेट खोलि देल गेल अछि। राहतक गप अछि जे पछिला 24 घंटा मे दुनू नदीक जलस्तरमे कमी आयल अछि। एहि मध्य, सोशल मीडिया पर पसरि रहल भ्रामक खबरिसभक बीच सुपौल जिला प्रशासन स्पष्ट कएलक अछि जे कोसी नदीक जलस्तर सामान्य गति सँ बढ़ि रहल अछि आ कोसी बैराज पूर्ण तरहेँ सुरक्षित अछि। स्थिति पर लगातार नजरि राखल जा रहल अछि। जलस्तरमे आओर वृद्धि होयबाक संभावनाकेँ देखैत जल संसाधन विभाग तटबंधसभक निगरानी बढ़ा देलक अछि। पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण,

सारण आ गोपालगंज जिला प्रशासन अलर्ट पर अछि आ संभावित स्थिति सँ निपटबाक लेल सभ तैयारी कएल गेल अछि।

——————————————————————

वैभव सूर्यवंशी दलीप ट्रॉफी क्रिकेटमे अर्धशतक लगबयवला सभ सँ कम उमेरक बल्लेबाज बनि गेल अछि। ओ सत्तावन साल पुरान लक्ष्मण सिंहक रिकॉर्ड तोड़ि देलनि अछि। पूर्वी क्षेत्र दिस सँ खेलैत वैभव उत्तर क्षेत्रक खिलाफ बियालीस गेंदमे अर्धशतक पूरा कएलनि। वैभव एकासी गेंदमे बेरानवे रनक शानदार पारी खेलेलनि। बिहार क्रिकेट एसोसिएशन केर अध्यक्ष हर्षवर्द्धन वैभव सूर्यवंशीक एहि उपलब्धि पर बधाइ देलनि अछि।

——————————————————————

दरभंगा जिला मे मद्य निषेध कानूनक अनुपालन केर दरमियान जब्त कयल गेल सत्रह गोट वाहनक आइ निलामी कयल गेल। ई जनतब जिला सहायक आयुक्त प्रदीप कुमार देलनि।

——————————————————————

समाप्त